

ЖАМГIИЯТ

**Бухгалтеразде гъужум**

Стр. 2

СПОРТ

**Дунялалъул чемпионал**

Стр. 4






# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 6 * март 2017 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*Редакторасул колонка*

## Рахьдал мацI лъаларел лъимал рукIана

**Ахирал соназда республикаялда ва киналго районазда тIоритIула гIемерал данделъаби, собраниял ва форумал рахьдал мацI цIуниялъул. ГIолохъанаб гIелалда жидерго мацI, культура ва тарих кIочене течIого гьеб жидерго лъималазухъе кьезе кколаян ахIи балеб буго цо-цо тарихчагIаз, жамгIиял хIаракатчияз ва цоги гьелдаса хайир босулеб къапилаялъ. Амма хIакъикъияб сураталъухъ балагьараб мехалда нилъеда бихьула гьелъул гIаксияб рахъ.**

ГIемер рикIкIаде инаро, бокьараб школалда, бокьараб классалъул журналалда балагьани нилъеда бихьула авар мацIалъул дарсил бугеб захIматаб хIал. Хасго шагьаразда ругел лъималазул буго ракI унтулеб хIал. ГIемерисел лъималазул эбел-инсуца хъвалеб буго заявление жидер хъизамалъе гьеб рахьдал мацI къваригIун гьечIила, гьелдаса щолеб хайирги цIакъго дагьаб бугин. ГIисин лъималаз ясли-ахалде арабго гIурус мацIалдеги ругьунлъун, рахьдал мацI кIочене толеб буго. Гьениб щибго гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо. Щибаб къойил радал бакъанидегIан жиндахун кIалъалеб мацI бицинарищха гьез.

Цо шагьаралда йигей авар мацIалъул мугIалималъ абулеб буго, жинцайила авар мацIалъул диктант хъвазе тIамулел ругила анкьабилеб классалъул цIалдохъаби. Диктант хъван бахъарабго хал гьабидал цо цIалдохъанас хъван бугила «кIодоца» абураб рагIул бакIалда «кIодотъся» абун гIурус мацIалъул ахирги лъун. Бихьулищ гIурус мацIалъул бугеб кIудияб машгьурлъи нилъер рахьдал мацIалда данде ккун? Нилъеда гIурус мацI рагIулеб буго жакъа киса-кибего. Рокъоб, телевизоралдасан, телефоналдасан, хIалтIухъ, къватIахъ, ашбазазда ва хIамамалда. КъотIнов дандчIварав кIиго магIарулас цоцадехун биччалеб буго гIурусаб. ХIатта бищунго рикIкIадал мугIрузул росабалъцин буго гьебго мисал. Лъималазда авар мацI лъан гутIиялда гIайиб чIвазе бакI дагьаб буго жакъа эбел-эмен кIиялго магIарулал ругеб рокъоб рагьараб къагIидаялъ гIурусалъ кIалъалел ругеб мехалда. Гьезда ракIалдацин гьечIо жидер лъималазда рахьдал мацI малъизе кколайин. Гьединал мисалал гIемерал руго. Эбел-инсуца цо хасаб чIухIигун абулеб буго жидер лъимералда магIарул мацI лъалеб гьечIин, гьеб лъимер гIурусалъ гурони кIалъаларин.

Гьелъул буго цойги гIиллаги. Дол гIурусаз абухъе комплексал абурал жаз хIалеб буго гьаниб аслияб роль. Жинда жидерго мацIги, тарихги, культураги гьитIинаб, мукъсанаб бугин ккей. Дида гIурус мацI лъалеб гьечIилан ккеладай гьав дидехун кIалъалев чиясда ян абураб цо балъгояб хIинкъи. РухIияб рахъалъ цIакъго загIипал, мискинал чагIазул хасият буго гьеб. Жиндаго жив гьитIинго, гIисинго вихьи. ТIокIаб гьелда лъолеб цIар лъаларо. Цо-цо чагIазул пикруялда рекъон, жакъа дунялалда технология цебетIеялъ, телевизоралъ ва интерненталъ нилъ цIалел ругила гьеб гвандинире. Гьедин батизеги бегьула. Къо бахъанагIан нилъеда кIочонеб буго нилъер мацIги, цIарги, тарихги. КигIан гIемер нилъеца дун магIарулав вуго абун керен бухханиги, магIаруллъиялъул гIаламатал нилъедаса щибаб къоялъ щущалел руго хасало маххил гъотIодаса тIанхал кинигин. КигIан гIемер нилъеца мацI цIуниялъул данделъаби, форумал ва митингал гьаруниги, щибав магIарулас жиндирго рокъоб магIарул мацI бицинчIони гьеб дагь-дагь ккун гьитIинлъун, гIисинлъун, тIагIине буго. Гьединаб пашманаб хIакъикъат буго жакъа рахьдал мацIалъул.

**Расул АБАКАРОВ**

*Данделъи*

## БоцIи, ракьал ва галстукал даларал хIакимзаби





**Иргадулаб заседание тIобитIана марталъул 27 абилеб къоялъ ЛъаратIа администрациялъул залалда. Гьенир гьоркьор лъуна Кутлаб росдал бегавуласул лъагIалил гьабураб хIалтIул докладги, хъутабаздаса магIарухъе гIи-боцIи гочиялъул суал ва гьел гурел цогидал.**

ГIадатияб къагIидаялъ щварал, щвечIел бегавулзабазул ва идараязул бутIрузул хал-шалги гьабун, районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель, Рамазан ГIабдулхаликъовас байбихьана данделъи. Живго районалъул бетIер данделъиялда гIахьаллъичIо. КIвар бугеб суалалъ МахIачхъалаялде ун вугин бичIизабуна заместителас. Галстукал разе кколин гьарурал гьесул гьужумал гIадада инчIо, киналго щвана дализарун галстукалгун. ГIезегIан цоцазе рецц-бакъ комплиментални гьаруна. ТIоцеве цеве вахъана ЛъаратIа гIорхъи цIунулезул заставаялъул начальник Павел Мартынов абурав чи. Гьев кIалъана Къамилухъ, Салда, ЛъаратIа заставаялъул начальниказул цIаралдаса. ГIадатияв росдал чи, чанахъан, вехь ва цогидал кин хьвада-чIвадизе ккол
ел къануналда рекъон абун. Гьезул малъа-хъваязулъ батIияб, цIияб жо букIинчIо, рикIкIаде магIарде, рохьове унев чияс цадахъ паспортал росизе ккола, ярагъ рокъоб цIунизе бегьуларо, гIорхъи цIунулезда дандечIей гьабурав чи тамихIалде цIазе вуго ва гь. ц. Терроралде данде рагъ лъазабизе кколила тIоцебе. Гьес ракIалде щвезаруна дагьалъ цебе чачаналда заставаялда боевиказ гьабураб тIадекIанцIи, гьединал лъугьа-бахъиназдаса щивниги чи цIунун гьечIила гIорхъи цIунулелгун росабазул жамагIат цоцада рекъон хIалтIичIони. Гьесие суалал кьурав чи ккечIо залалдаса.

Докладгун цеве вахъана Кутлаб росдал бетIер, Закари Къурбанов. Гьес къокъ гьабун бицана 2016 абилеб соналда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ. Такрар гьабулеб буго, къокъ гьабун. Закарица гьабураб хIалтIул хIасил цIакъ махшалида къокъ гьабун буго, залалда макьихараб халкъалда цIакъ дагьал чагIазда гурони бичIчIичIо щиб гьес абурабали. Гьесул докладалда ракI рекъечIев районалъул прокурор СултIанбег АхIмадовас суал кьолеб буго Закарие. «Гьеб нужер росулъе щвейгун тIоцебе бихьулеб жо буго кьищни-къулалъул гохI, гьелъие щиб гьабизе бугеб нужеца?»-ян. «ГIагараб заманалда гьениб цIаги лъун бухIизе буго»- абун жаваб кьуна Закарица. Гьединго бегавулас докладалдаса цIалана жидеца заманаялъ налогал кьолила, гIемераб хIалтIи гьабулеб бугила лъай кьеялъул рахъ, экономика, росдал магIишат, строительство ва спорт цебетIеялъе. ХIакъикъаталда хас гьабун щиб гьабураб араб лъагIалида абураб суалалъе жаваб батичIо. Кутлаб росулъ бугеб ахIвал-хIал лъазе районалъул нухмалъи ун букIна гьаб моцIалъул байбихьуда. Гьелъул хIакъалъулъ цIализе бегьула I5 абилеб марталъул газеталда.

Районалда росдал магIишат цебетIеялъул ва магIрузде гIи гочинариялъул суалгун цеве вахъана росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулесул заместитель Ризван ГIабдулмажидов. Гьенибги цониги цониги цIияб хабар рагIичIо. Заманаялъ гIи гочинаризе кколила магIарухъе, бихьизабураб къадаралдаса цIикIун хъутаналда гIи риидал хьихьулев чиясе гIакIа къотIизе бугин бичIизабуна. Ризванил рагIабазда рекъон, росабазул администрацияздa нахъ ругел ракьал хIалтIизарулел гьечIила. Гьелъ нахъе цIалеб бугила росдал магIишаталъул цебетIей.

«Росабазул администрацияздa нахъ ругел 22% ракьал хIалтIизарулел гьечIо. Налогалги дагьал гурони щолел гьечIо. ГIицIго районалъул тIасияб мухъалда гурони гIураб гIи-боцIиги, хIалтIизабулеб ракьги гьечIо. Гьелъ суалалъул рахъалъ дагьаб нахъеккей буго. Ракьал хIалтIизаризеги гIураб техника гьечIо», - ян абуна гьес. Ризван гьеб хIалтIуда цIияв чи вуго, гьелъ батила гьесие гIодор чIараздаса гIемерал суалал щвечIо. Живго росдал магIишаталъул нухмалъулев вукIани гIезегIан суалал кьезе рукIанаян кIалъалелги камулел рукIинчIо. ГIицIго ЛъаратIа росдал бетIер ГIумарпаша Рамазановасда батана цо гIадатаб гуреб суал. Гьес гIицIго Ризвание гуреб тIолабго районалъул нухмалъиялъе кьуна цо суал. Нужоцайила киб-щиб кканиги росабазул бегавулзабазда гIайиб гIунтIизабулеб бугила, администрациялъ бокьа-бокьарал жал гьарун, харжал цIикIинарун, исрап гьабулеб бугила хIукуматалъул гIарац. Масала, росдал магIишаталъул нухмалъиялда лъабго-ункъо штаталдаса цIикIарал штатал рукIине бегьуларила, гьел цIикIинарун ругила ва хIалтIухъабазе харжалги цIикIинарун ругила. ТIоцебе нужедаса байбихьизе ккелила гIадлу гьабизе, гIицIго бегавулзабазде гIайиб рехxичIого. Заседаниялда гIахьаллъарав прокурор СултIанбег АхIмадовас тIаде босана гьеб суал роцIине. ГIайиб батани гIадлу гьабизе, яги гьениб мекъаб иш батичIони, мекъаб информация кьурав бегавул тамихIалде цIазе вугила. Къануналда рекъон, прокуратураялъ гьебсагIатго хал-шал гьабизе кколила, официалиял данделъабазда цо чияс цогидасда гIайиб гIунтIизабулеб бугони ян абуна прокурорас. Гьелъул хIасил нижеца хадусеб номералда кьезе буго. Гьединаб лъугьана иргадулаб районалъул заседание.

**Расул АБАКАРОВ**

*жамгIият*



**Районалда бащдаздаса цIикIкIун бухгалтеразда жидер хIалтIи лъалеб гьечIилан чIезабуна хасаб комиссиялъ**

# БУХГАЛТЕРАЗДЕ ГЬУЖУМ

Гьал ахирал соназда районалъул идарабазул ва росдал администрациязул хIалтIухъабазул гIарз буго жиндир заманаялъ харж-мухь щолеб гьечIилан. Районалъул финансовияб отделалъ ва казначействоялъ баян кьолеб буго гьеб суал бугила цо-цо идарабазул бухгалтеразул гIайиб. Щвалде щун бухгалтерасда жиндир хIалтIи лъангутIиялъул хIасил бугила гьеб. Гьеб суал гьоркьоб лъуна районалъул бетIер Ражаб Ражабовас хасаб данделъиги гIуцIун.

Марталъул 23 абилеб къоялъ районалъул администрациялда тIобитIана данделъи, киналго районалъул идарабазул ва росабазул администрациязул бухгалтералги, гьединго щибаб росдал бегавулзабиги ракIарараб. Данделъи гIуцIун букIана щибав бухгалтерасул хIалтIул хал гьабиялъе, республикаялдаса комиссияги ахIун. Щибав бухгалтерги цо-цо ккун жаниве ахIун гьезухъе кьолел рукIана тестал. Гьел тестазул халги гьабун комиссиялъ кьолеб букIана щвасул хIалтIуе къимат. Гьел тестазул хIасилаллда рекъон ращдазаса цIикIун бухгалтеразда щвалде щун жидерго хIалтIи лъалеб гьечIилан чIезабуна комиссиялъ. Харжал кватIи гьелда бараб бугищ абураб суалалъе жеги кьучIаб баян щолеб гьечIо. Щайха гьедин батани хIалтIи бажарулел бухгалтеразул идарабазе гIарац щолеб гьечIеб абураб суал бачIунеб буго. Гьеб суалалда тIасан гьадинаб пикру буго районалъул бетIерасул.

«Нижеца тIоцебе тIобитIулеб буго гьадинаб тадбир ва гьелъул хIасилалдаги тIубанго ракI рекъолеб гьечIо. Цо-цоязул техника гьечIо, цогидазул цо ричIчIизе захIматал гIиллаби ратулел руго. Гьединлъидал нижеца кьолеб буго щивав бухгалтерасе кIиго моцIги бащдаб гIанасеб заман техникаги босизе хIалтIиги лъазабизе. Хадуб тIобитIизе буго цойги гьединабго данделъи рагIа-ракьалде щун лъида хIалтIи бажарулеб, лъида бажарулареб абураб суал роцIцIиналъул мурадалда. ХIалтIи бажаруларел бухгалтерал нижеца гьениса батIа гьаризе руго. ТIоцебе кIвар буссинабизе кколеб суал буго щибав хIалтIухъанасе жиндир заманаялъ мухь щвей ва кьезе кколеб бакIалде отчетал кьей. Гьеб суалалда тIад гьанже хIалтIулеб буго районалъул счетная палата ва финансовияб идара. Щивав хIукуматалъул хIалтIуда вугев чияс ракIбацIадго хIалтIи гьабичIеб гIанасеб мехалъ нилъ тIарамагъадисеб мухъилъ хутIизе руго. Нижеца пикруцин гьабизе гьечIо щив лъил вугев, лъил гIагарав, лъил гьудул-гьалмагъ гьев вугев. ХIалтIи бажаруларев чи нахъе инее ккола», - ян лъазабуна Ражабовас.



Данделъи тIобитIулаго цо-цо администрациязул бухгалтеразул бихьулеб букIана гьеб тадбиралда ракI рекъонгутIи. Гьезул пикруялда рекъон, техника босизеги гIарац гурищ къваригIунеб, гьечIеб гIарацги кьун кинха техника нижеца босилеб абун кIалъалелги камулел рукIинчIо.

Гьединго бухгалтерасул хIалтIуе къимат жиндирго нухмалъулес гурищ кьолеб, гьев жиндир бухгалтерасул хIалтIудаса разияв ватани районалъул нухмалъиялъи щиб квал-квал бугеб кин гьес хIалтIи гьабулеб бугониги абун разиял гурел пикраби загьир гьарулел рукIана залалдаса.

Гьединго гьоркьоб хутIичIо росабалъ хIалтIухъаби жиндир заманаялъ хIалтIуде щолел гьечIо абураб суалги. Районалъул бетIерас киназего бадирчIваял гьаруна жиндир заманаялъ цониги росулъ вугев хIалтIухъан конторалде щолев гьечIила. Гьелъ бугила нилъер хIалтIи нахъе цIалеб.

ПалхIасил, гьаб сагIаталда районалда унеб буго кIудияб хIалтIи щивав чиясул бажариялъе къимат кьолеб. Гьеб гIицIго бухгалтеразул гуреб, хутIарал киналго хIалтIухъабазул, гIадатияв специалистасдаса рахъарал, чIахIиял хIакимзабазде ва идарабазул нухмалъулезде щун проверкаби гьаризе руго ян абулеб буго районалъул нухмалъиялъ.

**Расул АБАКАРОВ**

*МЧС района сообщает...*

# Огонь и дети

Часто виновниками происходящих пожаров бывают дети, которые играют со спичками, жгут костры, затевают игры с огнем.

Дети - очень наблюдательный народ. Видя, как взрослые работают с огнем, ребята хотят им подражать. Когда нет контроля за играми детей со стороны взрослых, такое подражание приводит к пожарам.

Ни в коем случае нельзя оставлять малолетних детей без присмотра, особенно в тех помещениях, где топятся печи, горят керосинки, керогазы, газовые печи или включены электронагревательные приборы.

Нельзя поручать детям растопку печей, разрешать включать электроприборы или присматривать за ними.

В квартире, во дворе, на улице мы иногда видим, что дети балуются с огнем; зажигают спички, разводят костры, видим, и, не придавая этому значения, не пресекаем подобной шалости.

Родители и взрослые должны следить за тем, чтобы дети не курили, не играли со спичками, не разводили костры. К сожалению, есть и такие родители, которые сами посылают детей в магазин покупать папиросы и спички. Эти товарищи поступают неправильно, а работники торговли, продавая детям спички или папиросы, являются косвенными виновниками гибели народного добра или личного имущества граждан.

В работу по предупреждению пожаров от шалости детей с огнем должны включаться все; отцы и матери, старшие братья и сестры. Большую роль в этом важном государственном деле могут и должны сыграть учителя, воспитатели.

Многие школьники нашей республики, чтобы активнее помогать взрослым в предупреждении пожаров, вступают в созданные при школах, школах-интернатах, детских домах юношеские добровольные пожарные дружины.

Участвуя в работе дружин юных пожарных, дети воспитывают в себе любовь к труду, к полезной деятельности, смелость, ловкость, физическую выносливость, изучают пожарную технику и пожарно-техническое вооружение.

Получив знания пожарного дела, дети смогут оказать большую помощь в сохранении народного достояния и личного имущества граждан от огня.

**Начальник ОНД и ПР №14 по Гергебильскому, Гунибскому, Шамильскому, Чародинскому, Хунзахскому и Тляратинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД Н.Г.ОМАРОВ**

# Тляратинский филиал ТФОМС РД информирует:

**Полис обязательного медицинского страхования является документом, удостоверяющим право застрахованного лица на бесплатное оказание медицинской помощи на всей территории Российской Федерации в объеме, предусмотренном базовой программой обязательного медицинского страхования.**




Полис обязательного медицинского страхования удостоверяет, что оплату оказанной вам медицинской помощи производит Страховая Медицинская Организация (СМО), выдавшая полис.

Нарушениями прав граждан на получение бесплатной и качественной медицинской помощи считаются:

незаконное взимание в кассу медицинских организаций врачами и средним медицинским персоналом медицинских организаций денежных средств за оказание медицинской помощи (предоставление услуг), предусмотренной Программой государственных гарантий;

незаконное взимание денежных средств за выдачу направлений на лечение, рецептов на отпуск лекарственных средств;

приобретение за счет средств пациентов лекарственных средств и изделий медицинского назначения из утвержденного перечня жизненно необходимых лекарственных средств (ЖНВЛС) и изделий медицинского назначения при стационарном лечении;

несоблюдение сроков предоставления плановой медицинской помощи, установленных территориальной программой государственных гарантий;

отказ в оказании медицинской помощи в рамках территориальной программы обязательного медицинского страхования.

При ущемлении прав в больнице или в поликлинике вы вначале должны обратиться к руководству больницы (заведующему поликлиникой, заведующему отделением или главному врачу). Если ваши права в системе обязательного медицинского страхования нарушены, незамедлительно обращайтесь в Страховую Медицинскую Организацию(СМО), в которой вы застрахованы по телефону или адресу, указанному на вашем полисе обязательного медицинского страхования.

Адреса и телефоны страховых медицинских организаций, осуществляющих деятельность в сфере ОМС на территории республики Дагестан, приведены далее и на сайте ТФОМС РД www.fomsrd.ru

В Республике Дагестан осуществляют свою деятельность три страховые медицинские организации:

Филиал **ЗАО «Макс-М»**, тел. 8(8722) 67-05-27, 8-800-333-06-03 (звонок бесплатный), находятся в городе Махачкала улица Степана Разина 1/7,

**Филиал АО ВТБ Медицинское страхование**, тел. 8(8722) 56-76-06, 8 800 333 22 25 (звонок бесплатный), адрес в городе Махачкале: ул. Имама Шамиля, д.36.

**Филиал ООО «ВСК – Милосердие»**, тел 8(8722) 51-83-96, адрес в городе Махачкале: проспект Р.Гамзатова, д.2.

По телефонам осуществляется информационное сопровождение граждан на всех этапах оказания им медицинской помощи.

Если руководство медицинской организации и страховой компании вам не помогут, обращайтесь к нам, в ТФОМС РД, отдел защиты прав застрахованных, **г. Махачкала, ул. Ляхова 47, тел-8(8722)-55-01-66.**

А также в Тляратинский филиал ТФОМС РД:

наш адрес: **Тляратинский район с. Тох-орда , административное здание ЦРБ.**

**Телефон 8-988-267-21-78.**

*Дин ва гIумру*

# Ясаз рачина алжаналъуре

**Гьанже заманалда гIемерисез рикIкIуна ясаздаса васал лъикIилан. Вас гьавиялдаса рохула, яс гьаюрабго цIакъ пашманлъула. Васасе тарбия кьеялъе цIакъ кIудияб кIвар кьола, заман ва гIарац гьесда тIад цIикIун хвезабула. Гьединаб гIадат буго цебегоялдаса нахъе нилъер тарихалда.**

Гьелдаго релълъараб гIаламалъи букIана цебе гIарабалъги, ислам тIибитIизегIан. Гьез гьарурал ясал чIаго ракьулъ рукъулаан. ТалихIалъ гьеб замана ана. ТIадегIанав Аллагьас, гIадамазухъе витIана авараг (с.т.гI.в) ва гьес гьеб гIадатги хвезабуна. Аварагас (с.т.гI.в) гIадамазда бицана Аллагьасул калам, бичIчIизабуна гьезда БетIергьанас жиндие бокьаразе ясал кьолеблъи, яги васал кьолеблъи, бокьичIезе щалниги кьечIого толеблъиги.

Васги ясги руго Аллагьасул нигIмат ва щибаб лъимер бугеб рокъоб баракатги букIуна. Ясал гIезариялъухъ ва гьезие битIараб тарбия кьеялъухъ нилъер диналда жанир гIемерал шапагIатал руго. Гьеб къадруяб иш буго ва гьелъул хIакъалъулъ гIемерал хIадисалги руго. Аварагас (с.т.гI.в) абун буго: **«Лъабго яс йигев эмен, сабурго гьезул тIалаб-агъаз гьабурав, рохел букIа, къварилъи букIа баччарав, Аллагьас алжаналъуве вачина». Цо чияс гьикъун буго: «КIиго яс йигони, я Бичасул Авараг?» - абун. Гьес жаваб кьун буго: «КIиго йигониги», - абун. Цогидас гьикъун буго: «Цо йигони?» - ян. Гьесиеги жаваб кьун буго: «Цо йигониги»,** - абун.

Цогидаб хIадисалда буго, аварагас абунилан: **«Лъабго яс йигев чи, гьезие рукъги кьурав, кинабго къваригIарабги чIезабурав ва гьездехун рахIмуявлъунги вукIарав, чара гьечIого алжаналъуве ина»,** - ян. Цояс суал кьун буго: «КIиго йигони, я Бичасул расул?» - абун. Гьес жаваб кьун буго: «КIиго йигониги», - абун.

Аварагасул (с.т.гI.в) хирияй лъади ГIаишатица бицун буго: «Цо нухалда гьардухъан ячIана дихъе жиндирго кIияйго ясгун. Дида гьезие кьезе щибниги батичIо, цо чамасдакI гуреб жо. Дица гьеб кьуна гьезие. Гьей чIужугIаданалъ чамасдакI кIийидеги бекун, кIияйго ясалъе кьуна, жинцаго кваначIо. Ва ясалгун цадахъ къватIие ана. Цинги дихъе вачIана авараг (с.т.гI.в) ва дица бицана гьесда лъугьараб. Гьес абуна: «Ясаз хвасар гьарила цIаялдаса гьел хIалбихьизе кьурал ва гьезие лъикIлъиги гьабун тIалаб гьабурал», - абун.

ХIадисалдасан бичIчIулеб буго ясал кьей цохIо рахIмат гуребги, гьезул умумузе хIалбихьизелъун кьурал ругеллъиги, кин гьез ясазе тарбия ва лъай кьолебали. Гьеб буго кIудияб жавабчилъи. Амма гьеб букIунеб хIалалъ тIубани, умумузе лъикIаб шапагIат щвела БетIергьанасдасан. Цогидаб хIадисалда буго: **«ХIакълъунго, гьелъухъ гьабила Аллагьас гьелъие алжан чара гьечIеблъун».** Жиндирго ясал рокьиялъухъ, гьезул тIалаб-агъаз гьабиялъухъ шапакъатлъун дой чIужугIаданалъе щвана алжан. Гьелдаса кIудиябги лъикIабги шапакъат щиб букIинеб чиясе. Аварагас (с.т.гI.в) абун буго: **«Жиндир лъабго яс яги лъабго яц йигев ва гьезие лъикIлъи гьабулев чи, гьездалъун алжаналъуве ина»**, - ян.

Вас цевеккун, ясал нахъчIвалел гIадамал къосунел руго. Васазеги ясазеги тарбия кьола эбелалъ. Кинаб тарбия кьелеб лъималазе чIужугIаданалъ жиндиего тарбия ва лъай щун гьечIони? Жиндирго гьечIеб, цойгидазе кьун бажарулищ? Тарбия щвечIей, лъавукъай, йикIа-яхъине лъаларей эбел йигони, сунца квалквал гьабилеб лъималазе гьединаллъун рукIине? Ва, гIаксалда, эбел битIараб тарбия щварай, батIи-батIияб рахъалъан лъай бугей, гIадамазулъ недегьай йигони, гьелъ лъималги куцаларищ гьединго.

Цо чанго мугIалим хисула гьединай эбелалъ. Гьединал мисалал гIемерал руго. Ясалъе тарбия ва лъай кьоларез, гъалатI биччалеб буго цохIо ясалдехун гуребги, гьелъул лъималаздехунги ва чанго наслу-гIелалдехунги. Щиб гьабилеб гьеб лъавукълъиялдалъун, яс дин бичIчIуларей, гьелдехун рокьи гьечIейлъун яхъани?

Гьединай гьейги яхъун, гьелъул лъималги мекъаб нухде ккани? Дагьалищ ругел гьединал хъизамал, лъикIал хъизамазда гьединал ясал?

Хадур умумул рахъуна лъималазде гIайиб гьабизе. Лъималазда гуро гIайиб букIунеб, умумузда букIуна, гьезие битIараб тарбия кьун бажаричIел. Лъимаде тарбия кьеялъулъ, гьел бахьи бугел, диналъул бичIчIи бугел рахъиналъулъ кIудияб бакI ккола эбелалъ. ГIадада гуро исламалдаги эбел тIадегIанай гьаюн йигей. Бусурбабазул хъизамалда яс йокьизе ккола, гьелъул тIалаб гьабизе ккола, цIунизе ккола. Яс гьайидал, бусурбанчи вохизе ккола. Умумузул рокьой гьелда жий гIодоегIанай йикIин бичIчIизе тезе бегьуларо.

Инсуца, вацаз гьей шаргIалда рекъон хьихьизе ккола. Чан чIужугIаданалъ лъикIал, бахIарчиял васазе тарбия кьураб ва кьолеб бугеб? Чан чIужугIаданалъ дин цебетIеялъе жигар бахъараб ва бахъулеб бугеб? Кинаб тарбияха кьезе бокьун бугеб нилъее ясазе? Нилъеца кьураб тарбиялда бараб букIина гьей кинай чIужу йикIиней росасе, кинай эбел йикIиней лъималазе, кинай яс йикIиней эбелинсуе гьел херлъидал, кинай диналъул яц йикIиней гьей бусурбабазда гьоркьой, кинаб бакI ккелеб гьелъ МухIаммадил уммат цебетIеялда гьоркьоб.

Я Аллагь, тавпикъ кье нижее, ясазе битIараб тарбия кьезе ва гьаре гьел нижее рохеллъун ва иман-баракат бугеллъун! Щвезабе нижее гьездалъун щапакъат-рохел абадияб рокъоб.

# Исраъ ва МигIраж

## (27 ражаб - мигIражалъул сордо)

МигIражгун Исраъ ккола нилъер свалат-салам лъеяв хирияв авараг ﷺ тIолго гIаламалдаса тIокI гьавулеб, лъиего кьечIеб тIадегIанаб даражалъун. КигIанха нилъ рохизе ккелел Аллагьасе кидаго щукру гьабизе кколел рухIаздасаги нилъее хирияв, нилъер Авараг ﷺ гьеб даражаялде вахинавураб сордоялдаса. Гьеб сордо ккола ражаб моцIалъул къоло анкьабилеб. Гьеб сордоялъ бусурбаби киса-кирего мажгитазда данделъула, мавлидал ахIула, МигIражалъул къисаби цIалула ва кIудияб рохел загьир гьабула. Гьеб сордоялъ нилъер хириясда тIасиябги гъоркьиябги, гIаламалъул гIакълу хадуб гъоларел гIемерал хIикматал рихьизаруна, гIадамаз гьабураб гIамалалда рекъон гьезие гьабулеб жаза бихьизабуна, алжан, жужахI, гIарш, курс, малаикзаби ва цогидалги хIикматал рихьизаруна. Цинги, Байтул Мукъаддасалда вукIаго Аварагасухъе ﷺ алжаналъул жавгьар, якъут тIад бекьараб мали рещтIинабуна.

Гьениса цо-цоккун зобалазул кавабиги рагьулаго, анкьалго зобалазде вачана. ТIоцебесеб зобалда Адам (гI. с.) ватана, кIиабилелда ЯхIягун (гI. с.) ГIиса (гI. с.) ратана, лъабабилелда цIураб моцI гIадаб гвангъараб гьумералъул берцинлъи кьурав Юсуф (гI. с.) авараг ватана, ункъабилелда Идрис (гI. с.) авараг ватана, щуабилелда цIинуялде щвараб мегежгун Гьарун (гI. с.) авараг ватана, анлъабилелда Муса (гI.с.), анкьабилелда, «Байтул МагIмуралда» мугъги цун, Ибрагьим (гI. с.) авараг ватана. АскIове щвара-щварав аварагас лъикI щваравин рохелги загьир гьабун рецц гьабулеб букIана. нилъер аварагасе ﷺ. Цо-цо аварагзаби рихьана цадахъ чиго гьечIел, цо-цоял рихьана цадахъ гьитIинаб къокъа бугел.

Цо-цоялги рихьана цадахъ гьитIинаб къавм бугел. Циндаго кинабго рахъ бахчизабулеб берда бихьанщинаб бакI цIезабун, гIемераб халкъ бихьана. Гьаб дур уммат бугин, гьал малъичIого тIадеги дур умматалъул 70 азарго чи щибго хIисаб-суал гьабичIого алжаналде ине ругинги бицана. Ибрагьим аварагас (гI. с.) васият гьабун абуна: «Умматалда малъе алжаналъул гъутIби гIемер чIе», - ян абун, ай «Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагь» цIикIкIун абеян.

**МигIражалъул сордоялъ ТIадегIанав Аллагьас умматалда тIад лъураб 50 как, Муса аварагас (гI. с.) малъун, нилъер аварагас ﷺ гьарун щу-щу ккун тIаса рехулаго, щуйиде ккезабуна. Амма кирийин абуни камичIого 50 какил кьезе къотIи гьабуна.**

Гьединго, «Байтул МагIмуралде» щибаб къоялъ 70 азарго малаик лъугьунев ватана, цо нухалъ лъугьарал малаикзаби гьениса тIадруссунелги гьечIоан.

Гьенир гьесда ратана бераздаги рихьичIел, гIундуздаги ргIичIел, ракIалде ккезеги рес гьечIел нигIматал. Цнги, гьесда ТIадегIанав Аллагь вихьана ва гьебсагIаталда авараг суждаялда речIчIана. Гьеб мехалъ ТIадегIанав Аллагь гьесда кIалъана: «Я МухIаммад, дуца Дидаса гьаре», - ян. Гьеб мехалъ Авараг ﷺ кIалъана: «Я Аллагь, Дуца Ибрагьим халиллъун гьавуна, гьесие кIудияб ханлъиги кьуна. Мусада Мун кIалъана...», - ва гьеб куцалда щивав аварагасе ﷺ кьурал тIокIлъаби рицана. Гьеб мехалъ ТIадегIанас абуна: **«Я, МухIаммад, Дица мун ХIабиблъун вищана, тIолабго халкъалъухъе авараглъун витIана, дур рехсейги тIадегIан гьабуна, ай Дун рехсанщинахъе мунги рехсезе вуго дур умматалъ, дур умматги бищун хирияб умматлъун гьабуна. Цониги аварагасе кьечIеб «СабгIул масани» (АлхIам) абурал Къуръаналъул сураталги кьуна, Кавсарги кьуна, гьелда тIаде микьго жоги кьуна: ислам, гьижра, гъазават, садакъа, рамазаналъ кIал кквей, лъикIалдалъун амру, квешалдаса нагью гьаби, дудаги дур умматалдаги 50 какги тIад гьабуна...».**

Гьал гурелги руго нилъер хирияв авараг ﷺ тIокI гьавун, хас гьавун кьурал жал. Гьединго цониги аварагасе кьечIеб нилъер аварагасе кьурал хаслъабаздасан ккола: гьесде Къуръан рещтIин, авалалда вижун ахирисев авараглъун витIи, тIолабго гIаламалъе рахIматлъун гьави, давла хIалал гьаби, кинабго ракь мажгитлъун гьаби (кив кканиги как базе бегьи).

МоцIрол манзилалда рикIкIад вугев тушман хIинкъи, напс къокъаб, магIна гъваридаб кIалъаялъе гьунар кьей, тIолго расулазул сайидлъун гьави, бищун кIудияб шапагIат: къиямасеб къоялъ киналго аварагзаби жиндир байрахъалда гъоркь чIезе рукIин, бижанщинаб гIаламалъ рецц гьабулеб макъамун МахIмуд, алжаналда лъиего щолареб «василат» абулеб даража кьей ва цогидабги.

*здоровье*

# ЭПИДЕМИЧЕСКИЙ ПАРОТИТ

**Называемый также «свинка» и «заушница», – это острое вирусное заболевание, которое вызывает парамиксовирус. Источник инфекции при этом заболевании – только больной человек. Заразным он становится еще за 1–2 дня до появления первых признаков свинки и первые 5 дней болезни. Передача вируса происходит воздушно-капельным путем, хотя не исключается и бытовой путь заражения (через загрязненные предметы). Люди обладают очень высокой восприимчивостью к этой инфекции, чаще всего болеют дети, причем мальчики в 1,5 раза чаще, чем девочки.**



## Симптомы

Начинается остро с резкого повышения температуры тела, появления озноба, головной боли, слабости. Высокая температура держится не более 1 недели. Иногда заболевание протекает и без лихорадки. Основной признак свинки – воспаление околоушных слюнных желез, иногда в процесс вовлекаются подчелюстные и подъязычные железы. В их проекции появляется припухлость, пальпация причиняет пациенту боль. При сильном увеличении околоушной слюнной железы лицо больного становится грушевидной формы, мочка уха на пораженной стороне приподнимается. Через 1–2 дня воспалительный процесс обычно захватывает железу с противоположной стороны, но иногда поражение бывает и односторонним.

Больные жалуются на боль в околоушной области, усиливающуюся в ночное время, иногда у пациентов появляются боли и шум в ушах.

В тяжелых случаях из-за резкой боли пациент не может жевать пищу. Боли сохраняются в течение 3–4 дней, а через неделю постепенно проходят. Примерно в это же время или чуть позже спадает отечность в проекции слюнных желез, но в некоторых случаях припухлость может сохраняться 2 недели и более, что больше характерно для взрослых.

Осложнения чаще всего при попадании вируса, вызывающего свинку, в кровь поражаются железистые органы: поджелудочная железа (острый панкреатит), яички у мужчин (орхит), яичники у женщин (оофорит). Самые серьезные осложнения эпидемического паротита у мужчин – это приапизм и бесплодие. При проникновении вируса в головной мозг возможно развитие менингита. В редких случаях у людей, перенесших свинку, развивается тугоухость или полная глухота.

Профилактические мероприятия проводимые против эпидемического паротитадетям до 14 лет в районе;

- проведена вакцинация согласно плану -15,4% от годового плана (750детей),

- ревакцинация эпидемиологического паротита-15,6% от годового плана (748),что показывает на выполнение плана удовлетворительно.




*спорт*

# Дунялалъул чемпионал

**Марталъул 23-27 абилел къоязда Турциялъул Анталия шагьаралда тIобитIана ММАялъул рахъалъ дуниялалъул чемпионат.**

Гьел къецазда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалдаса лъабго спортсменас. Шидиб росулъа кIиго вац - Шамиль ва ХIабиб ГIабдулаевал ва Белъелда росулъа КъурамухIамад Мусаев. Лъабасго босана жидерго цIайиялда тIоцебесеб бакI.

Къецазда гIахьаллъи гьабуна 15 батIияб улкаялдаса 500 спортсменас. Гьенир Россиялъул байрахъалда гьоркъ цеве вахъана 75 спортсмен, гьезулги анлъгояв Дагъистаналдаса. Киназего щвана медесил медалал.

Нилъер ракьцоял, лъабавго спортсмен хIадурлъулел руго МахIачхъалаялда Бузай Ибрагьимовасул цIаралда бугеб спортзалалда. Баркула нилъер ракьцоязда чIахIиял бергьенлъаби. Гьарула гьезие щулияб сахлъи ва жеги чIахIиял бергьенлъаби.




# ЦIуне рохьал ва мегIер-гIалах цIа ккеялдаса!

**ХIурматиял районалъул жамагIат! Гьале бачIун буго мегIер гIалах ва рохьал цIа ккеялдаса цIунизе кколеб заман. Араб 2016 соналъ нилъер районалда рохьоб цIа ккеялъул хIужа ккечIо.**

Гьал ахирал соназ нилъер хIукуматалъ цIикIун кIвар кьолеб буго мегIер, гIалах ва хурзал рухIизе гьукъиялда тIад. Гьелда тIад кIвар кьеялъе гIиллаги буго гьенисан цIа щолеб буго рохьобеги, рухIулел руго росаби, рукъзал, фермаби ва цогидабги.

Рохьазда рекIараб цIа свинабизе бигьаго кIоларо. Рохьоб букIуна бакъвараб хер, тIамах, заз-хъарахъ ва гьеб тураараб ракул кьер. Гьединаб рохьоб букIуна къватIибе загьираб цIа гьечIониги 3-4 къоялъ ракьулъ жанибго рекIараб цIа ва гьури пуни цIаги цIилъун бачIуна.

Рохьоб рекIараб цIаялъ гIемераб зарал гьабула гIун бачIунеб цIияб, гIисинаб рохьалъе ва харида цадахъго бухIула гъветIги кьибилги цадахъго. МегIер гIалахалда рекIараб цIаялъ бухIараб харил кьибил цIилъизе бала 7-8 сон, бухIараб гъветI бижизе бала 70-100 сон.

Инсанасе ва рухIчIаголъиялъе кинаб пайда рохьалъул бугебали лъаларев чиги ватиларо. Гьединлъидал гъветI-хер ва заз-хъарахъ бухIизе цIа бакулаго цIунизе ккола цIа ккеялдаса цIуниялъул тадбирал. Щивав рохьил рагIалда ва рохьобе цIа ине рес бугеб бакIалда хур-хер бугел чагIаз рохьобе цIа унаредухъ бакъвараб харидаса бацIад гьабизе ккола 10 м. гIеблъиялда, ва 0,5 м гIеблъиялда ракь къватIибе баккизе гьабураб рахъ бахъизе ккола.

Лъил бетIергьанлъиялда бугеб ракьалдаса рохьобе цIа бачIаниги гьев чияс кьезе буго жаваб цIа ккеялъул ва цIаялдаса ккараб заралги бахъула гьесдаса. Зарал 5 азарго гъурушалдаса цIикIкIани уголовияб тамихIалдеги цIала.

Рохьобе цIа унеб бакIалда бакъвараб хер, заз-хъарахъ ва цогидабги бухIани (киб бухIаниги, жиндирго хуриб бухIаниги) бахъула гIакIа гIадамасдаса – 3 азаргоялдаса – 4 азарго гъурущалде щвезегIан, хъулухъчиясдаса 15 азаргоялдаса – 20 азарго гъурущелде швезегIан ва юридическияб гьумералдаса – 150 азаргоялдаса – 200 азаргоялде щвезегIан. (ст. 8.32 часть 2 КоАП РФ).

Хасаб цIа ккеялдаса цIунулеб заман районалда чIезабун бугони гIадамасдаса 4 аз. – 5 азаргоялде швезегIан, хъулухъчиясдаса 20 аз.-40 азаргоялде щвезегIан, юридическияб гьумералдаса 300 аз. – 500 азаргоялде щвезегIан. (ст. 8.32 часть 3 КоАП РФ).

ЦIа ккеялъул тадбирал цIуничIого рохьоб цIа ккани гIадамасдаса 5 азарго, хъулухъчиясдаса 50 азарго гъурущ, юридическияб гьумералдаса 500 аз. – 1 миллионалде щвезегIан. (ст. 8.32 часть 4 КоАП РФ). (Юридическияб гьумералде къоркье рачуна МО, СПК, КФХ, ИП юридическияб гьумер гьечIеб бугониги ва цоги бокьараб учреждение ва организация).

Ургъунго рохь бухIизе цIа бакани гIакIа бахъула ва эркенлъиялдаса махIрум гьавула 8 соналде швезегIан. (ст. 261 УК РФ). Гьеб киналдаго тIаде бахъула рохьалъе ккараб заралги.

Дагъистаналъул пачалихъалъул 2012 соналъул 13 августалда къабул гьабураб № 273 ( № 336 10 октябрь 2015 соналъ хиса - басиял гьаруреб) постановлениялъ гьукъун буго бакъвараб хер бухIизе кибго ва бакъвараб харидаса хурзал мучIдул рацIцIад гьаризе ккола цIа бакичIого.

Гьелда хадуб хал кквезе ва цIа бакарав чи тамихIалда цIазе тIад къан буго (пост. пункт 6) - МЧСалда, районалъул ва росабазул администрациябазда, тIабигIат цIуниялъул хъулухъазда, рохьил магIишаталъул хIалтIухъабазда, полициялда. Районалда, рохьобе цIа гьукъизе тIад къан буго росабазул администрациязул бутIрузда.

Хуриб, магъилъ, гIалахалда, мучIдузда бакараб цIа къанагIатги хутIуларо рохьобе щвечIого. Гьарула бакъвараб хер, хурзабахъ кьишни бухIизе кирго цIаял ракугеян. Рохьалда, бакъвараб харида цIа рекIине рес букIуна свинабичIого спичка ва хъалиян, цIа рекIунеб лъамалъиялъ биччараб чIорто гIодобе реххани. Шивав чияс букIине кколеб бербалагьи гьабуни рес буго тIабигIат, рохьал цIунун хутIизе. ЦIа ккей кигIан хехго лъаниги хехго кумек балагьизе ва свинабизе бигьаго букIуна.

Гьарула кибехун мегIер - гIалахалда, рохьалда цIа рекIун бихьаниги ахIе гьал районалъул МЧСалде - 112;

**Районалъул участкаялъул лесничий**

## ДЕКЛАРАЦИОННАЯ КАМПАНИЯ-2017

### ОТЧИТАТЬСЯ О ДОХОДАХ ЗА 2016 ГОД НУЖНО НЕ ПОЗДНЕЕ 30 АПРЕЛЯ

**Стартовала декларационная кампания 2017 года. Представить декларацию о полученных в 2016 году доходах физическим лицам необходимо до 30 апреля 2017 года.**

Декларационная кампания-2017 имеет ряд особенностей:

Представлять декларацию по НДФЛ, когда налог не был удержан налоговым агентом, больше не нужно. Теперь физическое лицо будет уплачивать налог после получения налогового уведомления и квитанций, направляемых ему налоговым органом. Платежные документы формируются на основании сведений о невозможности удержать налог и суммах налога, которые передают налоговые агенты. Оплатить такой налог необходимо не позднее 1 декабря года, следующего за отчетным. Новые правила применяются к доходам, полученным с 2016 года.

С этого года физические лица, получившие доход от продажи недвижимого имущества, приобретённого после 1 января 2016 года, будут рассчитывать НДФЛ по новым правилам. Если доход от продажи объекта недвижимого имущества существенно ниже его реальной стоимости (ниже чем 70% от кадастровой стоимости этого объекта на 1 января года продажи), то НДФЛ рассчитывается исходя из суммы кадастровой стоимости этого объекта, умноженной на коэффициент 0,7.

Представить декларацию 3-НДФЛ необходимо, если налогоплательщик продал в 2016 году имущество, находившееся в собственности менее минимального срока владения, принимал дорогие подарки, выиграл в лотерею, сдавал имущество в аренду или получал доход от зарубежных источников.

Задекларировать полученные в 2016 году доходы должны также индивидуальные предприниматели, нотариусы, занимающиеся частной практикой, адвокаты, учредившие адвокатские кабинеты, и другие лица, занимающиеся частной практикой.

Исчисленный в декларации налог необходимо уплатить не позднее 17 июля 2017 года.

В случае непредставления декларации по НДФЛ и неуплата налога в срок предусмотрено наказание. Штраф за непредставление декларации в срок - 5% не уплаченной в срок суммы налога за каждый месяц, но не более 30% указанной суммы и не менее 1 000 рублей. Штраф за неуплату НДФЛ - 20% от суммы неуплаченного налога. Предельный срок подачи декларации 30 апреля 2017 года на получение налоговых вычетов не распространяется. В таких случаях направить декларацию можно в любое время в течение года.

*нилъер росаби*



Гъерел росу

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 31.03.2017
Заказ ___________